**दिन— रविवार** **दिनांक—25.05.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे ऑपरेशन सिंदूर दुनिया भरि मे आतंकवाद सँ लड़ाई मे नव उत्साह के संचार भेल। आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे बाईसम एपीसोड मे आइ राष्ट्र के संबोधित करैत श्री मोदी ऑपरेशन सिंदूर के अंतर्गत सशस्त्र बल के साहसक प्रशंसा कयलनि। ओ कहलनि जे ओकर सटिकता के सेहो सराहना कयल जाय जाहि सँ सेना सीमा पर आतंकवाद के ठिकाना के नष्ट कयलनि। ओ कहलनि जे पूरा देश आइ आतंकवाद सँ लड़ाई मे एकजुट आओर प्रतिबद्ध अछि। प्रधानमंत्री एहि बात पर जोर देलनि जे ऑपरेशन सिंदूर केवल सैन्य मिशन नहि अछि बल्कि राष्ट्रक संकल्प आओर साहस अछि। ओ कहलनि जे पूरा देश मे राष्ट्र भक्ति के भावना जागए आओर देश तिरंगा के भावना सँ ओतप्रोत भऽ जाय। प्रधानमंत्री कहलनि जे देश के कतेको शहर, छोट—छोट गाम मे तिरंगा यात्रा आयोजित कयल गेल। देश के सशस्त्र बलक सम्मान मे तिरंगा लहराबैत हजारो लोक ऐहि मे शामिल भेलथि।

---

प्रधानमंत्री देश भरि मे पसरल अद्‌भूत राष्ट्रीय भावना के सेहो जीक्र कयलनि। ओ कहलनि जे सोशल मीडिया पर कविता लिखल गेल आओर बच्च सभ द्वारा पेंटिंग बनाओल गेल जाहि मे कतेको महान संदेश देल गेल। प्रधानमंत्री बिकानेर यात्रा के स्मरण करैत कहलनि जे बच्चा द्वारा एहेन पेंटिंग उपहार मे भेटलनि। प्रधानमंत्री एहि रोचक तथ्यक सेहो जीक्र कयलनि जे ऑपरेशन के अवधि के दौरान जनमल बच्चा सभक नाम बिहार के कटिहार, उत्तर प्रदेश के कुशी नगर आओर कतेको अन्य शहर मे सिंदूर नाम राखल गेल।

---

मन की बात कार्यक्रम मे प्रधानमंत्री कहलनि जे एकैस जून के अंतर्राष्ट्रीय योग दिवस अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे एहि वर्ष ओ विशाखापत्तनम मे योग दिवस कार्यक्रम मे भाग लेतथि। प्रधानमंत्री एहि कड़ी मे पेपर वेस्ट आओर रिसाइक्लिंग के सेहो चर्चा कयलनि ओ कहलनि जे देश के लैंडफिल कचरा के लगभग एक चौथाई हिस्सा कागज सँ जुड़ल होयत अछि। ओ कहलनि जे हर व्यक्ति के पेपर रिसाइक्लिंग के बारे मे सोचबाक चाही।

———————————————————————

प्रधानमंत्री कहलनि जे देश मे खेलो इंडिया गेम्स बहुत सफल रहल। बिहार के पांच शहर मे खेलो इंडिया गेम्स भेल। श्री मोदी कहलनि जे देश भरि सँ पांच हजार सँ बेसी एथलीट बिहार पहुंचल छलथि। ओ एथलीट सभ बिहार के खेल भावना आओर एतय के लोक सभ सँ भेटल आत्मीयता के बहुत सराहना कयलनि। ओ कहलनि जे एहि बेर खेलो इंडिया गेम्स मे कुल छब्बीस रिकॉर्ड बनल। श्री मोदी कहलनि जे एहि बेर खेलो इंडिया मे बिहार के खिलाडी सभ शानदार प्रदर्शन करैत छत्तीस पदक जीतलनि। ओ कहलनि जे एहेन स्पर्द्धा सँ भारतीय खेल के भविष्य उज्ज्वल होयत।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अध्यक्षता मे आइ नव दिल्ली मे राष्ट्रीय लोकतांत्रिक गठबंधन एनडीए शासित राज्य के मुख्यमंत्री अओर उपमुख्यमंत्री के बैठक आयोजित कयल गेल। भाजपा के गुड गवर्नेंस विभाग द्वारा आयोजित ई बैठक एक दिवसीय विचार–विमर्श सत्र अछि। एहि मे सुशासन व्यवस्था सँ जुडल मुद्दा सभ पर चर्चा कयल गेल। भाजपा अध्यक्ष जगत प्रकाश नड्डा, गृहमंत्री अमित शाह आओर रक्षामंत्री राजनाथ सिंह एहि बैठक मे भाग लेलनि। मुंख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधर आओर विजय कुमार सिन्हा सेहो एहि बैठक मे शामिल भेलथि।

———————————————————————

राष्ट्रीय जनता दल के अध्यक्ष लालू प्रसाद गलत लोक आचरण आओर गैर जिम्मेदाराना व्यवहार के लऽकऽ अपन पैघ बेटा आओर पूर्व मंत्री तेजप्रताप यादव के छओ वर्ष के लेल पार्टी सँ निष्कासित कऽ देलनि। सोशल मीडिया पर एहि निर्णय के घोषण करैत श्री प्रसाद कहलनि जे तेजप्रताप यादव के गैर जिम्मेदाराना व्यवहार परिवारिक मूल्य आओर संस्कार के अनुरूप नहि अछि। लालू प्रसाद कहलनि जे तेजप्रताप यादव के पार्टी आओर परिवार मे आब कोनो भूमिका नहि रहत।

———————————————————————

प्रदेश के अधिकांश भाग मे प्री–मॉनसून वर्षा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग आइ कटिहार, बांका आओर भागलपुर जिला मे कतेको स्थान पर भारी बारिश के अलर्ट जारी कयल। विभाग पंद्रह जून तक राज्य मे दक्षिण–पश्चिम मॉनसून के प्रवेश करबाक संभावना जतौलनि।

———————————————————————

समाप्त